

Siy disleksi nan diferan laj

Otè a se Ekip Understood la

Nou fè patenaraya ak Understood.org pou nou founi edikatè ak fanmi yo resous ke ekspè verifye e ki fonde sou done ki pwouve konsènan diferans ki genyen nan aprantisaj.

Anpil moun konnen **disleksi** se yon difikilte pou fè lekti. Men li plis pase sa. Disleksi se yon difikilte ak langaj. Se sa ki ka fè li difisil pou idantifye siy yo. Pa egzanp, pwoblèm pou rime kapab yon siy pwoblèm pou fè lekti.

Disleksi ka lakòz pwoblèm ak òtograf, **pale**, ak ekriti tou. Kidonk siy yo ka parèt nan plizyè domèn, pa sèlman nan lekti.

Tout moun ki gen disleksi yo pa konfwonte pwoblèm yo menm jan an. Gen kèk ki gen difikilte ak konpetans lekti elementè tankou kijan pou fè son mo yo soti (dekodaj). Gen kèk ki li mo ak fraz byen, men yo gen pwoblèm pou konprann sa yo li a.

Disleksi ka parèt diferan tou lè timoun yo ap vin pi gran. Aprann siy komen pou disleksi nan diferan laj ak kijan pou ede.

Gade yon videoyo atik sa a

Ou vle yon vèsyon ki li awotwwa atik sa a? Gade **videoyo sa a**.

Siy disleksi nan preskolè

- Mal pwononse mo, tankou di sochèt olye l di *chosèt*
- Gen difikilte pou nonmen objè li abitye ak yo epi sèvi ak mo jeneral tankou *bagay* ak *kichòy* pito
- Gen anpil difikilte pou aprann chante timoun oswa pawòl chante ki rime

- Gen difikilte pou sonje sekans, tankou chante lèt yo nan alfabè a
- Rakonte istwa ki difisil pou swiv oswa gen pwoblèm pou pale de yon evènman nan yon lòd lojik
- Gen difikilte pou sonje ak **swiv direksyon** ki gen plizyè etap

Siy disleksi kay timoun ki nan Jadandanfan rive Klas 2yèm ane

- Gen pwoblèm pou aprann non lèt yo ak pou sonje ki son yo fè
- Souvan konfonn lèt ki sanblab (tankou *b, d, p, ak q*) oswa son ki sanblab (tankou *s* ak *ch, b ak p, oswa d ak t*)
- Gen difikilte pou li mo li abitye ak yo (tankou *chat*), sitou si pa gen foto
- Ranplase mo lè y ap li awotvwa, tankou di *machin* lè istwa a di *otomobil*
- Gen pwoblèm pou separe son endividyèl yo nan mo yo ak melanje son yo pou fè yon mo
- Gen pwoblèm pou sonje kijan pou eple mo yo epi aplike **règ òtograf** nan ekriti

Siy disleksi kay timoun Klas 3yèm rive Klas 5yèm ane

- Konfonn oswa sote ti mo tankou *pou epi ak lè y ap li awotvwa*
- Gen difikilte pou fè son nouvo mo
- Gen pwoblèm pou rekonèt byen vit mo ki komen (yo rele tou **mo vizyèl**)
- Gen difikilte pou eksplike sa ki te rive nan yon istwa oswa pou reponn kesyon sou detay kle
- Fè menm kalite erè yo souvan, tankou **ranvèse lèt yo**
- Eple mo yo mal, tankou ekri menm mo a kòrèkteman ak mal pi devan nan menm egzèsis la
- Evite fè lekti chak fwa sa posib oswa vin fristre oswa fache lè y ap li

Siy disleksi kay pre-adolesan, adolesan ak granmoun

- Li tou dousman oswa kite ti mo ak pati nan mo ki pi long lè y ap li awotvwa
- Gen difikilte pou sonje abrevyasyon komen yo, sa ki enkli sa ki sou rezo sosyo yo
- Souvan ap chèche jwenn mo yo oswa ap itilize ranplasman tankou *baryè olye de kloti*
- Souvan pa “konprann” blag yo fè a oswa gen pwoblèm pou konprann pwovèb ak mo ki gen plizyè sans
- Pran anpil tan pou konplete devwa lekti
- Gen plis fasilité pou reponn kesyon sou yon paj tèks si yo li l awotvwa

Lè yo gen defi sa yo, sa ka difisil pou timoun ak granmoun yo. Yo ka panse ke yo pa entelijan paske yo gen anpil difikilte tandiske pifò moun pa gen difikilte sa yo. Men pwoblèm nan fè lekti pa vle di yon moun pa entelijan. Sa a se jis youn nan plizyè **mit sou disleksi**.

Lektè ki gen difikilte yo souvan santi se yo sèlman ki konsa. Men disleksi se yon diferans aprantisaj ki komen anpil, e anpil timoun ak granmoun bezwen èd siplemantè pou yo aprann li. Bon nouvèl la se ke gen **fason pou anseye lektè ki gen difikilte yo**, e konpetans yo ka amelyore.

Telechaje yon fèy enfòmasyon sou siy disleksi yo

Pataje resous yon paj sa a ak pwofesè, zanmi, oswa fanmi.

Si w panse pitit ou a gen disleksi, men **pwochen etap pou swiv pou timoun ki gen laj pou al lekòl yo**. Epi si w panse ou ta ka gen disleksi, men **pwochen etap pou granmoun yo**.

Otè a

Ekip **Understood** la gen ladan l ekriiven ak editè pasyone. Anpil nan yo gen timoun ki aprann e ki panse yon fason diferan.

Revizè a

Margie B. Gillis, EdD, se fondatè ak prezidan Literacy How, ki bay pwofesè devlopman pwofesyonèl sou praktik lekti ki baze sou rechèch nan salklas la.